*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№84 (26536)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 16 май — зæрдæвæрæны мæйы 16 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 НЫРЫККОН ИФТОНГГÆРЗТÆ — *Информацион технологитæ*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС — *Æнцойбон*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Футбол*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

**Бæрæгбон**

# Æнустæм цæр, нæ мадæлон æвзаг!





**Знон нæ республикæ сбæрæг кодта Ирон æвзаджы бон. Кадджын бæрæгбон райдыдта Ирыхъæуы Ирон аргъуаны кæрты нæ цытджын поэт Хетæгкаты Къостайы цыртыл дидинджытæ сæвæрынæй.**

Ардæм æрбацыдысты РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло,** РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**, Дзæуджыхъæуы администрацийы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав,** РЦИ-Аланийы культурæйы министр **Гуыдиаты Батрадз,** нæ республикæйы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдар **Хозиты Барис,** фысджытæ, æхсæнады минæвæрттæ, скъоладзаутæ, студенттæ æмæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ.

Бæрæгбон байгом кодта Хозиты Барис æмæ радзырдта, ирон адæмæн мадæлон æвзаджы бон куыд тынг ахсджиаг æмæ сæйраг у йæ дарддæры рæзтæн, уый тыххæй.

– Абон стыр бæрæгбон у Ирыстонæн. Нæ республикæйы арæнтæй æддæдæр чи цæры, уыцы ирон адæмæн дæр. Ирон æвзаджы бонæн Къостайы æвæрæн у стыр диссаджы хуын, уымæн æмæ ирон литературон æвзагæн бындур куы сарæзта, уæд сæвзæрдис нæ классикон литературæ, æмæ нæм абоны онг цыдæриддæр фысджытæ рацыд, уыдон дзы æнтыстджынæй пайда кодтой, сæ уацмыстæ сын зонæм, скъолайы сæ рæзгæ фæлтæр ахуыр кæнынц. Кæддæр Джусойты Нафи афтæ загъта, Ирыстоны хур, дам, Нарæй скасти. Нар рагон ирон æвзагыл нысан кæны «хур». Нар дыууæ Ирыстоны иугæнæг у, æмæ нæ иудзинад фидарæй-фидардæр куыд кæна Къостайы тырысайы бынмæ, ахæм амонд нæ уæд. Ирон æвзаджы бон махæн тынг хъæугæ æмæ вазыгджын у. Уыцы бон та уæлдай хатт бамбарæм, цы адæмыхатт стæм, уый, цы кадджын фыдæлтæ нын уыдис, Ирыстоны ном дæрдтыл кæй фæрцы айхъуыст, уыцы хистæр фæлтæрты кад. Ирон æвзаджы боны фæрцы бирæ цымыдисаг хъуыддæгтæ арæзт æрцæуы, уыдон ахъаз сты æвзаг бахъахъхъæнынæн æмæ йæ рæзтæн, – загъта Хозийы-фырт.



Сергей Меняйло дæр тынг дзæбæх иронау арфæтæ ракодта мадзалы архайджытæн, цымыдисæй йæм хъуыстой стырæй-чысылæй.

– Нæ бæстæйы Президент иу æмæ дыууæ хатты нæ загъта, нæ бирæнацион адæмты культурæ, традицитæ, æгъдæуттæ æмæ æвзæгты фæрцы фидар æмæ æнгом кæй стæм, уый тыххæй. Æвзаг адæмы сæйраг бындур у. Абон мæ кабинеты рафæлдæхтон Къостайы æнæмæлгæ **«Ирон фæндыр»**. Уым æмдзæвгæты хуызы Къоста равдыста йæ дуджы цард, æмæ диссаг, уыцы цаутæ абон дæр сты ахсджиаг. Ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг Къостайы фæдзæхстытæ нæ хистæртæ æнусы дæргъы æххæст кодтой æмæ кæнынц абон дæр. Цалынмæ цæра ирон æвзаг, зонæм æй, уæдмæ уыдзæн Ирыстон, уыдзæн ирон наци дæр. Куы йæ ферох кæнæм, уæд ферох кæндзыстæм нæ хистæрты æмæ нæхи дæр, чи стæм, цы стæм æмæ кæцæй, уый. Цалынмæ нæхи нæ бафæнда мадæлон æвзагыл дзурын, нæ хистæртæн кад кæнын, не 'гъдæуттæ, культурæ хъахъхъæнын, уæдмæ не 'взаг дæр аккаг бынаты нæ уыдзæн. Нæ сывæллæттæ хъуамæ зоной, кæм райгуырдысты, кæмæй сты, сæ мадæлон æвзаг, ирон æгъдау. Мах нал уыдзыстæм, фæлæ ирон æвзаг дарддæр хæсдзысты нæ кæстæртæ, æмæ сæ фæндæгтæ рæсугъд, амондджын уæнт, – загъта нæ республикæйы Сæргълæууæг.

Алагиры 5-æм астæуккаг скъолайы æмæ Дзæуджыхъæуы 5-æм гимназы ахуырдзаутæ иронау æмдзæвгæтæ афтæ зæрдæмæхъаргæ аив æмæ рæсугъд бакастысты, æмæ сæм адæймаг хъусынæй нæ бафсæст. Сыгъдæг мыртæ зæлыдысты фæзы, æмæ нæ алкæмæ дæр афтæ кастис, цыма Къоста дæр хъусы рæзгæ фæлтæры рæсугъд ныхасыхъæд. Уæвгæ, хистæртæй ахæм зонд баззадис, хъæр, дам, мæрдтæм дæр хъуысы. Фæлæ, ирон адæмæн мадæлон æвзаджы бон æрмæст 15 майы ма уа, фæлæ æрвылбон дæр æмæ йын йæ бæрæгбоны йæ хъысмæтыл дæр уырыссагау ма дзурæм, фæлæ – сыгъдæг иронау. Æмбисондæн баззадысты дагестайнаг зындгонд поэт Расул Гамзатовы ныхæстæ: **«Кого-то исцеляет от болезней другой язык, но мне на нем не петь. И, если завтра мой язык исчезнет, то я готов сегодня умереть».** Ацы æмдзæвгæ æрзылд дунейы бæстæты адæмтыл æмæ йæ лозунджы хуызæн алчидæр йæхи 'взагмæ ратæлмац кодта, уый тыххæй æмæ лæгæн дæттынц æгæрон тыхтæ мадæлон æвзаджы ад æнкъарынæн, уарзынæн æмæ йыл дзурынæн.

**САУТÆТЫ Тамилæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

**Хицауады æмбырд**

# Сæрдыгон фæлладуагъд, амалхъомадæн æххуыс

**РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырд амыдта йæ Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**

Нæ республикæйы социалон-экономикон фарстатыл бæрнон ныхас кодтой Хицауады уæнгтæ, ведомствæты разамонджытæ.

Сывæллæтты сæрдыгон фæлладуагъд цæмæй æнæкъуылымпытæй ацæуа, цæмæй рæзгæ фæлтæрæн се 'нæниздзинад фæфидар уа, уыимæ æдасдзинады фарстатæм паддзахадон цæстдардыл ныхас кодта РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Габеты Вадим**.

– Ацы аз 40 мин чызджы æмæ лæппуйы сæ рæстæг хъæлдзæг æмæ пайдаджынæй арвитдзысты 165 лагеры. Æппæт хъæугæ уавæртæ сын куыд цæттæ кæнынц, уымæ хъæуы иудадзыг цæстдард, фæнысан кодта Хицауады Сæрдар.

РЦИ-Аланийы паддзахадон программæйы бындурыл, æрыгон специалисттæн, ахуырады, культурæйы къабазы хъæууон кусджытæн сæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæнынæн нысанмæ субсидитæ лæвæрд цæуынц.

РЦИ-Аланийы арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Бетанты Мараты** ныхасмæ гæсгæ, 2026 азы ахæм паддзахадон æххуыс райсдзысты 34 адæймаджы – фæйнæ милуан сомы.

Амалхъомтæн æххуыс, экспорты райрæзты регионалон программæйыл бакусын, федералон центримæ æнгом æмгуыстады тыххæй сæмбырд кæнын хъæуы разамонджыты къорд, ацы фарста рæгъмæ рахаста РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министры хæдивæг **Олег Быкадоров**.

Нæ республикæйы 124 хæдзары нымад æрцыдысты хæлæддзагыл, уый тыххæй районты скодтой инвентаризаци. Ног æнцонвадат цæрæн бынæттæм раивдзысты 3695 адæймаджы. Программæ кусдзæн 2030 азмæ. Фæрæзтæ радих кæндзысты барадон компани «Регионы рæзты фонд» æмæ республикæйы бюджетæй. Ацы аз куыд хардзгонд æрцæудзысты, ууыл дзырдта нæ республикæйы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъæраты Тимур**.

Хъæууонхæдзарадон зæххытæ цæмæй хъæздыг тыллæг дæттой, уый тыххæй хъуамæ донæфсæст уой. Донхорыджы куыстытæ цы хæдзарæдтæ бакæной сæ хуымты, уыдонæн сæ хæрдзты иу хай паддзахад фæстæмæ, субсидиты хуызы ратдзæн, – Хицауады ацы уынаффæмæ ивддзинæдтæ бахæссынил дзырдта РЦИ-Аланийы хъæууон хæдзарады министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан.** Ныридæгæн уал донхорыг æййафдзысты 1.300 гектары бæрц. Ивгъуыд 2025-2026 азты хъармгæнæн рæстæг артаг-энергетикон комплекс куыд бакуыста, стæй цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады цæттæгæнæн куыстыты тыххæй 2026-2027 азтæм, – ууыл дзырдта Хъæраты Тимур.

– Нæ размæ æвæрд хæстæ кæрæй-кæронмæ сæххæст кодтам. Æнæкъуылымпытæй куыстой 204 агуаты, ногæй баивтам хъармгæнæн хызты 25 километры, цæттæдзинады паспорттæ уыдис бирæуæладзыгон хæдзæрттæм, ахуырад æмæ æндæр куыстуæттæм. Нæ службæтæ кæддæриддæр цæттæ уыдысты баххуысмæ. Ивгъуыд азтимæ абаргæйæ, ацы фæззыгон-зымæгон афоны уыдис къаддæр къуылымпытæ, – загъта министр.

Æмбырды ма дзырдтой æндæр ахсджиаг фарстатыл.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Конкурс**

# Премитæ – хуыздæртæн

**Знон, Ирон æвзаг æмæ литературæйы боны, Цæгат Ирыстоны Национ наукон библиотекæйы кадджын уавæры раттой нæ республикæйы Хицауады премитæ хуыздæр журналистты куыстытæн хицæн номинацитыl.**




Куыд зонæм, афтæмæй уыдон лæвæрд цæуынц 2019 азæй фæстæмæ. Авд азы дæргъы йæ уæлахиздзаутæ систы 34 журналисты, ацы аз та ма сæм хаст æрцыд ноджы иу номинаци – «Хабархæссæг репортаж».

Райдайæны конкурсы хуыздæртæн зæрдиаг арфæ ракодта Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады Сæрдар **Дзанайты Барис**. Уый загъта, конкурс кæй у ахсджиаг æмæ вазыгджын мадæлон æвзаг бахъахъхъæнынæн æмæ йæ дарддæры рæзтæн кæй кæны ахадгæ æххуыс.

Уый фæстæ радзырдтой уæлахиздзауты нæмттæ. Номинаци «Мыхуыры æрмæджытæ»-йы хуыздæрыл банымадтой **Будайты Милусяйы** документалон-аивадон уацмыс «Тугъдони сагъæстæ» (журнал «Ирæф»), **Хуыбылты Жаннæйы** телеравдыст «Хæхтыл мæйы тынтæ уарыд» фыццаг бынат бацахста номинацийы «Телеуынынадон æрмæджытæ» (ТК «Осетия-Ирыстон»).

Номинаци «Хабархæссæг репортаж»-ы фæуæлахиз **Хъайтмазты Дзерассæйы** æрмæг «Ирон æвзаджы бонмæ». Турчы ирон диаспорæйы тыххæй». (ПТРК «Алания»).

**Газайты Зояйы** радиобакаст «Аивады дæсныtæ. Хъалæгаты Федя» банымадтой хуыздæрыл номинаци «Радиоæрмæджытæ»-йы (ПТРК «Алания).

Преми саккаг кодтой **Хъоцыты Альбинæйæн** дæр бакаст «Взрослята» иронауы» тыххæй номинаци «Интернет-рауагъдты æрмæджытæ»-йы («15-æм регион»).

Номинаци «Азы темæ»-йы хуыздæрыл банымадтой **Джусойты Нинæйы** куыст «Худинаджы бæсты – мæлæт» (газет «Рæстдзинад»).

Ирон æвзаг бахъахъхъæнынил æмæ йæ райрæзтыл разæнгардæй кæй кусынц, уый фæдыл Кировы районы бынæттон газет **«Размæ»**-йы редакци хорзæхджын æрцыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Хицауады сæрмагонд Арфæйы гæххæттæй.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис,**
**къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Боныхъæд | Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **16 майы** ранæй-рæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **11-16 градусы хъарм.** | Боны дæргъ — 14,41 | Хурыскаст — 04,37<br>Хурныгуылд — 19,18 | Валютæйы аргъ | Доллар — 73,34<br>Евро — 86,09 | 12 + |

Нæ Иры фæсивæд

# Президенты фæдзæхст Арсенæн



**Æвæдза, куыд æхсызгон вæййы адæймагæн, Ирыстоны фæсивæдæй та чидæр куы фесгуыхы, йæ хорзы кой куы айхъуысы не ’хсæнады царды искæцы къабазы! Мæнæ та ныр дæр, Бетъырбухы бирæ азты дæргъы æнтыстджын куыст кæны Анатолий Рахлины номыл спорты алы хуызты спортсментæ цæттæгæнæн скъола, ис дзы дзюдойы секци дæр.**

Уым кæддæр спорты уыцы хуызы сусæгдзинæдтæ базонынмæ тырныдта Уæрæсейы Федерацийы абоны Президент Владимир Путин дæр. Уый куыд мысы, афтæмæй йын Анатолий Рахлины спортивон курдиат, хъомылгæнæджы дæсныдзинад йæ царды сæвæрдтой фидæны уæлахизтæм тырныны фидар бындур. Рахлин зыдта цардæн аргъ кæнын, ацыди уæззау фæлварæнты сæрты Ленинграды æрхъулайы рæстæг.

Цытджын Уæлахизы бæрæгбонты Бетъырбухы ацыди Анатолий Рахлины номарæн Æстæм æппæтуæрæсеон «Дзюдойы бетъырбухаг таурæгъон турнир». Уым архайдта ирыстойнаг спортсмен Кокойты Арсений дæр, райста дзы бронзæ майдан.

Æрæджы та, Бетъырбухы уæвгæйæ, Владимир Путин бабæрæг кодта скъола æмæ йын йæ коллектив схорзæхджын кодта Кады орденæй. Уæрæсейы Дзюдойы федерацийы президент Михаил Рахлин саразта бæстæйы Сæргълæууæгæн экскурси скъолайы, радзырдта йын йæ хъомылгæнинæгты æнтыстыты, стæй сæ дарддæры нысанты тыххæй. Йæ ахуыргæнинæгтæй иу у ирыстойнаг 16-аздзыд спорты мастертæм кандидат дзюдойæ Рубайты Савелийы фырт Арсен. Йæ тренертæ куыд зæгъынц, афтæмæй Арсен тынг уарзы спорты ацы хуыз æмæ йæ фæнды, цæмæй йæ уæлахизтæ кæной фылдæрæй-фылдæр.

Владимир Путин сæ фембæлды рæстæг æвзонг дзюдоисттимæ зонгæ кæнгæйæ, райста Арсены къух дæр, загъта йын, цæмæй спорты æрттиваг бæрзæндтæм æвæллайгæйæ тырна.

Фембæлды фæстæ Президент æмæ скъолайы хъомылгæнинæгтæ систой иумæйаг къам.

**Разæй Владимир Путин æмæ Михаил Рахлин, фæстаг рæнхъы Рубайты Арсен лæууы галиуæрдыгæй дыккаг.**

Арсенæн ма ис кæстæр хо дæр – Эмилия, уый та цæуы аивадон гимнастикæйы секцимæ.

Зæгъдзыстæм ма уый дæр, æмæ Арсен æмæ Эмилияйы фыд Савели кусы Бетъырбухы афтекты сæйраг управленийы. Уыцы организаци иудадзыгдæр цæстуарзон æххуыс кæны сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, уый тыххæй сын нæ хæстонтæ ракæнынц зæрдиаг арфæтæ.

Æппæт уыцы хабæрттæ нын радзырдта нæ редакцийы уазæг, йæ кæстæрты æнтыстытæй зæрдæрухс уæвæг, сæ дзæбæх баба – Рубайты Лаврентийы фырт Тотрадз. Æмæ йын кæддæриддæр сæрыстырдзинад æмæ цины хос уæнт!

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Адæмты иудзинады аз

# Мæздæггæгты æвæрæн бæстæйы райрæзтмæ

**Ацы аз нæ бæстæйы нымад у Адæмты иудзинады азыл. Алы адæмыхæттыты минæвæрттæ кæрæдзиимæ цæмæй хæларæй цæрой, уымæн цæгатирыстойнæгтæ ахъаз кæй кæнынц, уый дызæрдыггаг нæу. Ацы хъуыддагмæ аккаг æвæрæн хæссынц Мæздæджы районы цæрæг адæм дæр.**



1763 азы 5 июлы Уæрæсейы успаддзах Екатеринæ Цытджын кæй бафыста, уыцы указæй бындур æвæрд æрцыд горæт Мæздæджы сæвзæрдæн. Цæгат Кавказы ацы цæрæнбынаты ахадындзинад куыдфæстæмæ фылдæрæй-фылдæр кæнын райдыдта.

Рагæй дæр Мæздæджы хæларæй цæрынц бирæ адæмыхæттыты минæвæрттæ. Статистикон бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ныртæккæ Мæздæджы районы цæры 88 мин адæймаджы (адонæй 37 мины – районы центры). Цæрджыты нымæцæй Мæздæг нæ республикæйы горæтты ’хсæн Дзæуджыхъæуы фæстæ ахсы дыккаг бынат.

Районы цæрæг адæмæй 48 проценты сты уырыссæгтæ, 18 проценты – хъуымыхъхъæгтæ, 10 проценты – ирæттæ æмæ афтæ дарддæр. Алы адæмыхæттыты хæлардзинад, фæрныгад æмæ сабырдзинады райрæзтæн ахъаз кæны. Бахъуаджы заман Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнæг уæрæсейæгтæ æвдыстой фæзминаг хæлардзинад æмæ иузæрдиондзинад. Ацы миниуджыты фæрцы не ’мбæстæгтæн Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг фашизмыл фæуæлахиз уæвын бантыст. Кавказаг адæмыхæттытæ кæрæдзиимæ нæ фидауынц, зæгъгæ, афтæ хъуыды кæнгæйæ, хæсты заман фашистон æрдонгтæ Кавказ æнцонæй бацахсынмæ хъавыдысты, фæлæ сырхæфсæддонты æмрæнхъ Кавказы хохаг адæмты минæвæрттæ дæр хъæбатырæй кæй хъахъхъæдтой, уый хынцгæйæ, гитлеронты фыдвæндтæ фæсыкк сты.

Фашизмыл фæуæлахиз уæвын кæй хъæбатыдзинад æмæ удуæлдайдзинады фæрцы бантыст, уыдоны ’хсæн уыдысты канд æфсæддон службæгæнджытæ нæ, фæлæ фæсчъылдымы куыстуарзаг фæллойгæнджытæ дæр. Мæздæггæгтæ знагыл уæлахизмæ аккаг æвæрæн бахастой. Зæгъæм, колхозтæ «Сæуæхсид» æмæ «Сырх Ирыстон»-ы фæллойгæнджытæ кæй æрæмбырд кодтой, уыцы æхцатæй балхæдæуыд ног конструкцийы дыууæ «Як-9» хæдтæхæджы. Фронтмæ æрбацæуæг колхозонтæ амынд хæдтæхджытæ радтой не ’мзæххон, Советон Цæдисы Хъæбатыр Цоколаты Геннади æмæ йæ хæстон æмбал Михаил Клименкойæн.

37 мин сомæй фылдæр æрæмбырд кæнгæйæ, мæздæггаг медиктæ танкты къорд «Цæгат Ирыстоны медицинон кусæджы» арæзтады зæрдиагæй архайдтой. Советон Цæдисы Сæйраг Уæлдæр Командæгæнæг Иосиф Сталин 1944 азы 20 майы медиктæн амынд хъуыддаджы тыххæй кæй æрбарвыста, Арфæйы уыцы фыстæг æфснайдæй дарынц районы музейы залтæй иуы.

Фашизмыл уæлахизы фæстæ Советон Цæдисы дзыллæтæ горæттæ æмæ хъæутæ, стæй дæрæнгонд адæмон хæдзарад ногæй аразын райдыдтой. Бæстæйы адæмты хæлардзинадæн ацы хъуыддаджы дæр уыд стыр ахадындзинад. Фашистон æфсæдтæ Мæздæджы районæн æрхастой æртæсæдæ мин сомы бæрц зиан. Промышленнон æмæ хъæууонхæдзарадон куыстуæттæ хъыгдард баййæфтой, цæрæн хæдзæрттæй бирæтæ рацаразинаг уыдысты. Цыбыр рæстæгмæ æфсæнвæндаг, механикон æрмадзтæ, завод «Коммунистон маяк», донуадзæн хætæлтæ æмæ дзæбæхгæнæндæттæ ногæй скуыстой. 1943 азы бæстæйы Коммунистон партийы Мæздæджы районы комитеты цæугæ Сырх тырыса æппæтæй раздæр кæмæн саккаг кодтой, уыдонæй иу уыд быдырон куыстытæ хæрзхъæдæй æмæ афоныл сæххæстгæнæг колхоз «Сæуæхсид».

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман нæ бæстæ гитлерон Германыл кæй фæуæлахиз, уым советон адæмы иудзинадæн стыр ахадындзинад уыд. Адæмты ’хсæн хæлар ахастдзинæдтæ æнæмæнг хъахъхъæнинаг сты. Ныртæккæ Уæрæсемæ æвзæр зæрдæйы уаг чи дары æмæ нæ алыхуызон æвзæрдзинæдтæй чи азымджын кæны, уыдоны æнæсæрфат ныхæстæн дзуапп дæтгæйæ, нæ хæс у не ’вæджиауы бæстæйы адæмты ’хсæн хæлар бастдзинæдтæ фидардæр кæнын, стæй, рæзгæ фæлтæрмæ патриотизмы æнкъарæнтæ цæмæй æвзæрой, уымæн ахъаз кæнын. Нæ музей кæй æххæст кæны, уыцы дзыллон мадзæлттæ амынд хъуыддæгтæм комкоммæ уагæй бар дарынц.

Адæмты хæлардзинадыл дуне æнцайы, зæгъгæ, афтæ дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Хæлар ахастдзинæдты фæрцы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман фашизмы цагъардзинадæй дунейы дзыллæты чи бахызта, нæ уыцы ныййарджытæ æмæ дадатæн сæрæй ныллæг кувæм.

**ЧЕЛДЫТЫ Симæ,**
**Мæздæджы**
**музейы директор**

Нырыккон ифтонггæрзтæ

# Информацион-коммуникацион технологитæ

**Адæмы царды хæрзхъæддзинад фæнывыл кæнынæн ног фадæттæ кæй фæрцы фæзынынц, нымæцон телекоммуникацион системæты æххуысæй арæзт цæуы ахæм ног инфраструктурæ.**



Информацион-коммуникацион технологитæ æхсæнад æмæ экономикæйы алыхуызон къабæзтыл парахатæй ахадынц. Нырыккон дунейы арæзтад æнæ информацион-коммуникацион технологитæй нæ фæрæстмæ уыдзæн.

Нымæцон технологитæ статистикæйы оргæнты куыстыл куыд фæбæрæг сты æмæ информацион-коммуникацион технологитæ Цæгат Ирыстоны куыд рæзынц, уыдæтты тыххæй радзырдта Паддзахадон статистикæйы федералон службæйы Цæгат Кавказы зылды управленийы разамонæджы хæдивæг **Хъыбызты Андрей.**

**– Андрей, ныртæккæ фыдыбæстон статистикæ равдисæн куыд ис?**

– Ныры дуджы домæнты аккаг уæвынæн уæрæсейаг статистикæ ивы нымæцон уагæй. Хæстæгдæр фондз азы æмгъуыдмæ нæ ведомствæйы архайд чи сбæлвырд кодта, æндæраз Уæрæсейы Хицауад сфидар кодта дыууæ мин æртынæм азмæ Паддзахадон статистикæ æмæ «Росстат»-ы райрæзты ахæм стратеги. Национ проект «Бæрæггæнæнты экономикæ æмæ паддзахады нымæцон раивд»-мæ хауæг паддзахадон информацион системæ «Нымæцон иртасæн платформæ»-йы арæзтад нымад уыдзæн ацы стратеги æххæсткæнынады рахæцæныл. Нымæцон иртасæн платформæ баиу кæндзæн статистикон куысты æппæт хæйттæ.

**– Нымæцон раивды фæткмæ гæсгæ ныридæгæн куысты цавæр хæйттæ æххæстгонд æрцыдысты?**

– Дыууæ мин нудæсæм аз «Росстат» æмæ йæ территорион оргæнты официалон сайттæ фыццаг хатт информацион-телекоммуникацион хызæг «Интернет»-ы æххæстæй иугонд кæй æрцыдысты, уый фæрцы пайдагæнджытæ хъæугæ официалон статистикон хабæрттæ, раздæримæ абаргæйæ, бирæ æнцондæрæй агурын райдыдтой. Машинæ кæй кæсы, статистикон бæрæггæнæнты фылдæр хай ахæм уагæй мыхуыргонд кæй цæуы, уый нымайын ахсджиаг æнтыстдзинадыл. Хъæугæ хъусынгæнинæгтæ райсæн ис «Цæгат-Кавказстат»-ы сайты дæр. Статистикон бæрæггæнæнтæ æмбырд кæныны заман парахатæй пайда кæнæм бæрæггæнæнтæ электронон уагæй æмбырд кæныны мадзалæй. Мобилон ифтонггæрзты æххуысæй товартæ æмæ лæггæдты æргътæ фæлхасадон базарты ныффыссæм. Пайдагæнджытæ официалон статистикон бæрæггæнæнтимæ уæгъдибарæй цæмæй базонгæ уой, уымæн фадæттæ саразтæуыд.

**– Андрей, фæстаг рæстæг информацион-коммуникацион технологиты къабаз рæвдз рæзы, хъусынгæнинæгтæ æхсæнады рæстæн ахъаз кæнынц, информацион технологитæй парахатæй-парахатдæрæй пайда кæнæм. Цæгатирыстойнæгтæ нымæцон технологитæй арæх фæпайда кæнынц æви нæ?**

– Цардархайды æппæт къабæзты фæзынæг нымæцон технологитæ нымад сты не ’рвылбонон царды æнæуаргæ хайыл. Раздæр æнхъæл кæмæн нæ уыдыстæм, нымæцон технологиты фæрцы ахæм ногдзинæдтæ фæзындысты. Нымæцон технологиты райрæзты тыххæй хабæрттæ базонынæн дыууæ мин æртындæсæм азæй фæстæмæ «Росстат» æвзаргæ уагæй цæст дары, адæм информацион технологитæй куыд пайда кæнынц, уымæ.

Адæм æмæ хæдзарæдтæ информацион-коммуникацион технологитæй, компьютертæй, мобилон телефонтæ æмæ Интернетæй арæх пайда кæнынц æви нæ, уый базонынæн информацион-коммуникацион технологитæ иртæстгонд цæуынц. Нымæцон технологитæ экономикон рæзт æмæ адæмы царды хæрзхъæддзинад фæнывыл кæнынæн кæй ахъаз кæнынц, уый нымайгæйæ, ацы цæстдард æххæстгонд цæуы.

Цæстдард æххæст кæнгæйæ, фарон фынддæс азæй хистæр 394 цæгатирыстойнаг адæймагмæ фæрстытæ раттам. Иртæсты бæрæггæнæнтæм гæсгæ, фарон нæ республикæйы хæдзарæдты 94,9 проценты æрвылбон Интернеты хызæгæй пайда кодтой. Цæгатирыстойнæгтæ Интернеты хызæгæй пайда кодтой стæмтæй фæстæмæ алы ран дæр: хæдзары – 94,9 проценты, куысты – 45 проценты, ахуыргæнæндæтты – 12,75 проценты, зонгæтæм – 68,9 проценты, æхсæнадон бынæтты (кафеты, ресторанты, библиотекæты, музейты, дуканитæ æмæ æндæр рæтты) та – 67,9 проценты. Арæхдæр адæм Интернетимæ баиу вæййынц мобилон телефонтæ æмæ смартфонты фæрцы – 98,6 проценты.

**– Дæумæ гæсгæ, нымæцон технологитæ æхсæнады райрæзтыл куыд ахадынц?**

– Нымæцон технологиты ахадындзинады руаджы нырыккон дуне иудадзыг ивы. Ныридæгæн компьютеризаци æмæ информатизаци æхсæнады царды бирæ къабæзтыл аххæссыдысты. Куысты фæткмæ ивддзинæдтæ хæсгæйæ, нымæцон технологитæ адæмы зондахаст ивынц. Сфæлдыстадон курдиæтты, критикон хъуыдыкæнынад æмæ амалиуæгады райрæзтæй фæстæмæ нымæцон технологитæ адæмæн æххуыс кæнынц хи хъуыдытæ æргом кæнын æмæ хи бартæ хъахъхъæныны хъуыддæгты. Æхсæнады алы субъект дæр информацион бæрæггæнæнтæй цæмæй пайда кæна, нымæцон технологитæй пайдакæнынады сæйраг хæс у уымæн иттæг удæнцой уавæртæ саразын.

**Ныхас ныффыста**
**Олег АПРЕЛЕВ**

# Æнæмæлгæ полкъ





Николай ЕВСТРАТОВ



Иван НИКАНДРОВ



Матвей ДЕМЕНКОВ



ТАРАТЫ Хусен



ЦОКОЛАТЫ Зауырбег



ЦОКОЛАТЫ Таймураз



ЦОКОЛАТЫ Барис



МАГКÆТЫ Хъазыбег



ГУЫТЪИАТЫ Карапет



ХЕТÆГКАТЫ Мысост



ХЪАНТЕМЫРАТЫ Тугъан



КОКОЙТЫ Хасанбег

# ÆНЦОЙБОНЫ ФАРС



## Ирон хабæрттæ

# Базары амонд дæ уæд!

**Иу бон иу нæлгоймаг йæ хъуг базармæ уæймæ фæцæйкодта. Чи йыл-иу амбæлд, уый-иу ын арфæ ракодта: «Базары амонд дæ уæд». Раздæр адæм базарæй цардысты æмæ-иу кæрæдзийæн афтæ арфæ кодтой.**

Хъуг уыд нард, хорз æм зылд йæ хицау. Куыддæр базармæ бацыд хъуджы хицау, афтæ йыл æлхæнджытæ амбырд сты æмæ йæ фæрсынц:

– Дæ хъуг цас кæныс, дарынæн бæззы, æхсыр цас кæны?



Фæлæ-иу сын нæлгоймаг йæ хæларзæрдæйæ загъта, дарынæн нæ бæззы, æхсæв хæдзармæ нæ цæуы, йæхи дуцын нæ уадзы, зæвæтæй цæвы æмæ æхсыр ныппырх кæны. Кæд æй исчи дзидзайæн балхæнид...

Æлхæнджытæ-иу уыцы ныхæсты фæстæ апырх сты. Базары ма чи лæууыд, ахæм лæг æм бирæ фæкаст, стæй йæм бацыд:

– Хорз лæг, дæ хъуг уæй кæныс?

– Уæй йæ кæнын, уæдæ йæ базармæ цæмæ 'рбакодтон.

– Омæ йæ афтæ куыд ауæй кæндзынæ, дæ дзуринæгтæ сын куы ракæныс, уæд.

Ноджы ма йæ бафарста, цасæй йæ уæй кæны, уымæй. Æртæсæдæ сомæй, зæгъгæ, дзуапп райста базары лæууæг нæлгоймаг.

Хъуг уæйгæнæгæй бæттæн райста. Йæ дзыппæй цыдæр ахорæн систа, йæ ных ын аурс кодта, йе рагъыл дæр ма йын урс тæппытæ акодта, бынат аивта æмæ та йыл æлхæнджытæ æрбамбырд сты, афарстой йæ, дæ хъуг хорз у дарынæн? Уæйгæнæг дæр дзуры: «Ай хæдзардарæг хъуг у, райсомæй – ведрайы дзаг, изæрæй – ведрайæ бирæ фылдæр, йæ бынаты куыд æрлæууы, уымæй змæлгæ дæр нæ фæкæны».

«Æмæ дын кæд ахæм хорз хъуг у, уæд æй цæмæн уæй кæныс», – афарстой-иу æй æлхæнджытæ. «Мæ хъуг нæ, фæлæ мæ хæдзар дæр уæй кæнын, мæ муртæ иуулдæр. Иунæг лæппу мын ис, æмæ йæ ‘фсадмæ акодтой, уым йæ хицæуттимæ фæхыл, йæ туг скуыста, æмæ сæ сау над фæкодта. Уый фæдыл æхца агурынц, кæннод æй ахсгæ кæндзысты. Фæлæ æз уый ахсын нæ бауадздзынæн. Фæлтау мæхи стонгæй дæр амардзынæн», – радзырдта нæлгоймаг.

Адæм, уыцы хабæрттæм хъусгæйæ, фæтæригъæд кодтой уæйгæнæгæн. Уайтагъд хъуг æхсæзсæдæ сомæй фæуæй. Уæйгæнæг хъуджы хицауæн йæ къухы æртæсæдæ сомы бакодта æмæ загъта: «Гъеныр лидзгæ кæнæм нæ хæдзæрттæм».

**ДЗЕБЫСАТЫ Георги,**
**Джызæлы цæрæг**

# Алы фарстæн – дзуапп

***Чи зоны, æмæ Сæуджен къуыри дыууæ-æртæ хатты сæхимæ къуымæлдзæфæй нæ цæуид, фæлæ Зæрæдайы «фæлварæнтæй» зæрдæцъæх кæны, æмæ та йын «фадат» куы фæвæййы, уæд изæрæй хъæлдзæгæй фæзыны. Бафæстиат ис фæскуыст, зæгъгæ, уæд ыл ус йæхи ныццæвы, ракъах-бакъах æй райдайы: «кæм уыдтæ нырмæ?», «кæимæ?», «цы архайдтат?», «æхца уын кæм уыди?» æмæ æндæр ахæм фарстатæн сихсийæн нал вæййы. Цыма йæ фарстатæн бæлвырд дзуаппытæ куы райса Зæрæда, уæд ын фенцондæр уыдзæн... Фæлæ йæ ахуыр нæ халы, рагацау йæхи хъаугъамæ сцæттæ кæны.***

***Сæудженыл дæр цыма хæс æвæрд вæййы, уыйау йæ ахуыр фæндагыл ацæуы – бæгæны бануазын фæскуыст – йæ бæллицты стырдæр, æмæ йæ царды ауадзы. А изæр дæр йæ лымæнтимæ æппын къаддæр фæйнæ дыууæ литры «хъæстæ» уæддæр фесты. Сæхи асайынц, бæгæны карз нозт нæу, зæгъгæ, æмæ дзы бæрц нал фæзонынц. Хæдзары йæм æнхъæлмæ каст æрфарст:***

***– Хорз афон та фæзындтæ! Нырмæ кæм уыдтæ?***

***– Ме ‘мбæлттимæ кæрты шахмæтты хъазыдыстæм.***

***Зæрæдайы фындзыхъæлтыл нозты тæф суади, æмæ тызмæгæй фæрсы:***

***– Æмæ нозты пиллон тæф та цæмæ кæныс?!***

***– Уæдæ дæ куыд фæнды? Хъуамæ шахмæтты тæф кæнон? – йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп ратта Сæуджен.***

## Номдзыдты цардæй

# Ломоносовы дзуапп æнæхсæстæн



***Михаил Ломоносов йæ царды фæстаг бонтæм мæгуыр цард кодта, кæд зындгонд ахуыргонд æмæ Наукæты академийы президент уыд, уæддæр.***

***Иухатт, Ломоносовы кафтаныл чысыл хуынкъ фенгæйæ, иу хъæздыг вельможæ, ахынджылæг дзы кæнон, зæгъгæ, дзуры ахуыргондмæ:***

***– Ацы хуынкъæй, æвæццæгæн, дæ ахуыргонддзинад ракæс-ракæс кæны?***

***– Æппындæр нæ, – дзуапп ратта Ломоносов. – Уый дзы æдылыдзинад мидæмæ бакæс-бакæс кæны.***

# Арæхстджын чумæдантæ аразæг



**Дмитрий Менделеев химийæ уæлдай бирæ рæстæг хардз кодта йæ хоббийыл – чумæдантæ аразын æмæ сæ сног кæныныл. Куыд дзурынц, афтæмæй ахуыргонд иухатт дуканийы æлхæдта æрмæджытæ.**

**– Чи у ай? – бафарстой дуканийы хицауы.**

**– Уый та куыд? Нæ йæ зоныс? – бадис кодта уый. – Зындгонд чумæдантæ аразæг мастер Менделеев!**

**Дмитрий Иваны фыртæн ахæм характеристикæ тынг æхсызгон уыд.**

# Æнæхъæугæ дæсныйад

Иухатт бельгийаг къарол æмæ йæ цардæмбал, æхсин Елизавета, сæхимæ цай бацымынмæ ‘рбахуыдтой номдзыд Альберт Эйнштейны. Цайы фæстæ сарæзтой чысыл концерт, архайдта дзы къаролы цардæмбал дæр. Уый тынг хорз ацагъта скрипкæйыл. Эйнштейн, куыд зонæм, афтæмæй, йæхæдæг дæр дæсны цагъта скрипкæйыл, æмæ йæм лæмбынæг хъуыста. Æхсин цагъд куы фæци, уæд æм бацыд æмæ йын загъта:

– Тынг рæсугъд ацагътай, дæ бæрзонддзинад. Афтæ тынг дæсны ацагътай, æмæ дæм бауæнддзынæн иу фарста раттын: зæгъ-ма, цæмæ дæ хъæуы къаролы усы дæсныйад?



# Алчидæр æй зыдта...

**Иухатт Эйнштейн Нью-Йорчы фембæлд йæ зонгæйыл.**

**– Господин Эйнштейн, – бонхорзы фæстæ йæм дзуры нæлгоймаг, – хъуамæ æнæмæнг дæхицæн ног палто балхæнай! Дæ уæлæ, уый ныббызгъуыр!**

**– Цæмæн? Нью-Йорчы мæн ничи зоны, – дзуапп ратта Эйнштейн.**

**Цалдæр азы фæстæ та ногæй фембæлдысты. Намысджын физикæн йæ уæлæ уыдис уыцы палто. Йæ зонгæ та йын ногæй загъта, ног палто, дам, балхæн.**

**– Цæмæн? – дзуапп ратта ахуыргонд. – Ам мæ алчидæр зоны...**

# Физикæ ахуыр кæнын хъуыд!

**Номдзыд физик Сергей Капица куыд мысыд, афтæмæй 60-æм азты æхгæд Наукон-иртасæн институты физикты-ядерщикты къорд Сау денджызы былмæ балцы ацыд. Се ‘ппæт дæр – наукæты доктортæ. Денджызы былгæронмæ рацыдысты, фæндагыл, кардæй кæй фæлыг кæнынц, ахæм пластмассæ сæрджын къорд сæны авджы балхæдтой. Æрбадтысты, сæхи æрцæттæ кодтой – оппа! – авг цæмæй байгом кæной, уый сæм нæ разынд! Кæсынц, æмæ чысыл фалдæр уынынц æнæхæдзаргъуыз нæлгоймаджы цыдæр бызгъуырты.**



**– Цытджын адæймаг, ницы дæм разындзæн, нæ авг цæмæй байгом кæнæм, ахæм?**

**– Байгом кæндзынæн бæгуыдæр! Спичкæтæ уæм ис?**

**Лæг райста спичкæтæ, пъробкæ батавта, уый сфæлмæн, сæппæрста йæ æмæ сæм дзуры:**

**– Физикæ ахуыр кæнын хъуыд скъолайы, салагæтæ!**

# Игорь Тамм æмæ атаман-математик

Граждайнаг хæсты заман фидæны Нобелы премийы лауреат физикæйæ Игорь Тамм уацары бахауд Махнойы иу бандæмæ. Горæтаг цæрæджы дарæс ыл фенгæйæ, бандиттæ Таммы бахуыдтой атаманмæ – боцъоджын нæлгоймагмæ бæрзонд цæрмын худы, йæ риуыл дзуарæвæрд – пулеметы лентытæ, йæ астæуыл та – дыууæ гранаты ауыгъд.

– Куыдзы фырт, коммунистон агитатор, ды нæ мад-Украинæйы цæмæ уæй кæныс? Ныртæккæ дæ амардзыстæм.

– Æппындæр нæ, – дзуапп ратта Тамм. – Æз дæн Одессæйы университеты профессор æмæ ардæм иу гыццыл хæринаг ссарынмæ ‘рбацыдтæн.

– Гæдыныхæсты! – фæхъæр кодта атаман. – Цавæр профессор дæ?

– Æз математикæйы ахуыргæнæг дæн.



– Математикæйы? – ногæй афарста атаман. – Уæдæ мын ссар Макларены рæгъ æрбахæстæджы аргъ фыццаг n-уæнгæй (оценку приближения ряда Маклорена первыми n-членами). Куы йæ ссарай – сæрибар уыдзынæ, нæ – фехсдзынæн дæ.

Тамм йæ хъустыл нæ баууæндыд: задачæ хауд иуыл бæрзонддæр математикæйы тынг уынгæг хаймæ. Топпы дзыхмæ кæсгæйæ, зырзыргæнаг къухтæй йæ бон æппынфæстаг баци задачæ бахынцын æмæ йæ атаманмæ бавдыста.

– Раст у! – загъта атаман. – Ныр мæ уырны, æцæг профессор кæй дæ, уый. Цæй, цу уæхимæ.

Чи уыд уыцы адæймаг? Ничи йæ зоны. Кæд æй фæстæдæр нæ амардтой, уæд искæцы университеты йæ бон уыд иуыл бæрзонддæр математикæ дæттын...

# Кох æмæ паддзах

**Немыцаг дохтыр Роберт Кох, кæд æппæт дунейы зындгонд уыди, уæддæр мæгуыр адæмы дæр тынг лæмбынæг дзæбæх кодта. Иухатт æм кайзер Вильгельммæ фæдзырдтой.**

**– Дæ рынчындоны цы мæгуыргурты дзæбæх кæныс, мæн хъуамæ афтæ ма дзæбæх кæнай! – загъта монарх.**

**– Тæрсын, уымæн гæнæн нæй, дæ бæрзонддзинад, – уæзданæй дзуапп ратта Кох. – Адæм афтæ дзурынц, мæ рынчынты, цыма паддзæхтæ сты, афтæ дзæбæх кæнын.**

## Хъæлдзæг ныхæстæ

# Заманхъул худы



**Фынджы уæлхъус бадджытæй алчидæр йæ сыхбæстæй æппæлыд, хорз сыхбæсты цæрын, зæгъгæ. Макъар сæм æнцад фæхъуыста æмæ афтæ:**

**– Уæддæр дзы мах сыхæй хуыздæр нæй, æнцад сыхбæстæ сты.**

**Чидæр æй бафарста:**

**– Цæмæй хорз сты дæ сыхбæстæ?**

**– Иу иннæмæ нæ дзуры, æмæ сабырæй цæрæм, – загъта Макъар.**

***

– Мæ уазджытæн мын хистæрæн сбад, – æрхатыд Макъар Михелмæ.

– Нæ, æз ‘нæфæразгæ дæн, уæртæ Саламбегæн зæгъ.

– Æ, мæ хур, цалынмæ уый йæ дынджыр былтæ æмбырд кæна, исты зæгъон, зæгъгæ, уæдмæ мæ уазджытæ æххормагæй амæлдзысты, – бахудт Макъар.

***

**Буска хъæуæн йæ тæккæ кæрон цард. Иу уаргæбон «Жигули» йæ дуармæ дзыхъхъы ныссагъд, æмæ Бускамæ бадзырдтой æххуысмæ. Ракуырдтой дзы хъил æмæ бел, иумæ фæтухæн кодтой, фæлæ ницы. Уыцы рæстæг Хуыси колхозы дыууæ къамбецы уæрдонæй æрцæйцыд, æмæ йæ Буска æрбаздæхта, рæхысæй машинæ бабастой æмæ йæ раластой. Буска уазджыты мидæмæ бакодта, цæхх æмæ кæрдзынæй сæ хорз федта, стæй сæ фæрсы:**

**– Уæ машинæ цæй аргъ у?**

**Буска дзуапп куы фехъуыста, уæд бахудт æмæ афтæ:**

**– Махмæ дæр не ’фсинимæ машинæйы фаг æхца ис, æцæг нæм къамбецты балхæныны фаг нæй.**

**– Æмæ цы кæныс къамбецтæй та?**

**– Уæдæ йæ цæмæй ласдзынæн?!**

***

Колхозы парторг Мæхти райсомæй бидаркæйæ рацæйцыд районмæ бюройы æмбырдмæ. Хъæугæрон хæстæг ыл иу цæстмæ лæг – Джамботт амбæлд.

– Мидæмæ, – загъта Джамботт, – гогыз, сау бæгæны, карз нозт, нæхи хорз фендзыстæм.

Фæлæ Мæхти нæ бакуымдта, куы, дам, æрбаздæхон, уæд абаддзыстæм. Бюройы йæ йæ куыстæй суæгъд кодтой Мæхтийы. Фæстæмæ здæхгæйæ, Джамботты дуармæ йæ бæх бабаста æмæ йæм дзуры, рæвдз дæн абадынмæ, зæгъгæ.

Джамботт æм кауы сæрты радзырдта, бауырнæд дæ, горæтæй нæ лæппу кæйдæртимæ æруад æмæ, цыдæриддæр уыд, уыдон ныссæрфтой.

Мæхти бахудт æмæ афтæ:

– Джамботт, æз хæрдхъуаг нæ дæн, фæлæ, Хуыцауы тыххæй, мæ куыстæй мæ систой, уый афтæ тагъд куыд базыдтай?

***

**Фыдыбæстæйы хæсты фæстæ хъалонисæг Джерихан Бускамæ бадзырдта æмæ йын афтæ:**

**– Кæд бафиддзынæ æйчыты хъалон?**

**– Иу-дыууæ къуыримæ сæ амбырд кæндзынæн, – загъта Буска.**

**Дыууæ къуырийы фæстæ Джерихан фæзынд. Буска йæ кæртмæ бакодта æмæ йын, карчы мардмæ амонгæйæ, афтæ:**

**– Хуыцау дын æй ма ныббара, мæ карк йæхи æрцауыгъта. Нæ хицау æмæ, дам, мæ паддзахад алы бон дæр фæйнæ айчы агурынц, æмæ мæ бон нæу бон дыууæ айчы æфтауын.**

***

Иубон хъалонисæг Джерихан Бускайæн афтæ:

– Дæ хъалон, ома царм, дзидза, хъуын, æйчытæ афоныл куы нæ бафидай, уæд дæ зæххыл цæрын нал ныууадздзынæн.

Иу мæйы фæстæ Джерихан Бускайы дуар хойы, фæлæ йæм æддæмæ кæсæг нæй.

– Æрдæбон дæр ма йын йæ хъæлæс куы хъуыстон, уæд æй ныр Хуыцау йæхимæ фæхаста? – тыхсы Джерихан.

Уæд дын æм Буска бæласæй куы ’рдзурид:

– Зæххыл дæ нал ныууадздзынæн, зæгъгæ, загътай, æмæ мах дæр не ’фсинимæ ардæм сивтам...

***

**– Не ’фсинимæ дыууæйæ цæрæм, никæцæй нæм ницы пайда хауы, æмæ нын нæ хъалон фæкъаддæр кæн, – дзуры Буска Джериханæн, – æз дæр дæ искуы бахъæудзынæн.**

**– Уæлæуыл дæр æмæ мæрдты дæр мæ, Буска, никуы бахъæудзынæ! – загъта Джерихан.**

**Цыдысты бонтæ, æмæ дын иухатт Буска хъæдæй æрцæуы, йе ’ккой давæтты голлаг, афтæмæй. Кæсы æмæ Джериханыл хæрæгуæрдон сугтæй йедзагæй рафæлдæхт, йæ къæхтæ ма уæрдоны бынæй зынынц.**

**– Фервæзын мæ кæн, дæ хорзæхæй, Буска, – дзуры йæм лæг.**

**Буска уæрдоныл схæцыд æмæ Джериханæн афтæ:**

**– Уыныс, ды та загътай, никуы дæ бахъæудзынæн, зæгъгæ. Гъеныр дæ нæ бахъуыдтæн?!**

**Фарс бацæттæ кодта**
**ГАПБАТЫ Алетæ**



Спортивон фидиуæг



Футбол

# Ссардтой хъæбатырты рухс нæмттæ

**Дзæуджыхъæуы футболон скъола «Юность»-ы стадионы 13-æм майы дыккаг хатт арæзт æрцыд, Хуыгатæ æмæ Сланты мыггæгтæй сæрмагонд æфсæддон операцийы чи фæмард, уыцы хæстонты номарæн турнир.**

Йæ саразджытæ сты дыууæ æрвадиуæггæнæг мыггаджы æвзæрст лæгтæ. Сæ советы сæрдар **Хуыгаты Спартак** загъта: «Нæ дыууæ мыггаджы хæстонтæй абоны онг хъæбатырæй фæмард сты нæ æвддæс æфсымæры. Мах нæ мыггаджы æмбырды ахæм фæнд рахастам, цæмæй сын сæ ном ма рох кæной нæ кæстæртæ æмæ тырной уыдоны хуызæн Райгуырæн бæстæйыл æнувыд уæвынмæ, бахъуаджы сахат та фыдыбæстæ бахъахъхъæнынмæ алцæмæй дæр цæттæ уæвынмæ. Бузныг зæгъын футболон скъола «Юность»-ы тренертæ æмæ иннæ кусджытæн. Уыдон бацархайдтой ерыстæн хъæугæ уавæртæ саразыныл, æмæ ныр дыккаг хатт нæ æрыгон футболисттæ сæ зæрдиаг архайдæй барухс кодтой спортуарзджыты зæрдæтæ дæр».

Турниры архайдтой æхсæз 12-13-аздзыд футболистты командæтæ: «Юность-1», «Юность-2», «Динамо», «Автодор», «Сæрмæт», «Боруссия».

Æвзонг футболистты ерыстæ рауадысты тынг зæрдæмæдзæугæ. Æнæмæнг, се 'хсæн ис, æрдзæй рахæсгæ курдиат кæмæ ис, ахæм суинаг футболисттæ. Уыдонмæ æмбæлгæ цæстдард куы уа, уæд та нæм футболы ног стъалытæ кæй фæзындзæн, уый у уырнинаг хъуыддаг.

Командæты 'хсæн сбæрæг сты уæлахиздзау æмæ призон бынæттæ бацахсæг командæтæ. 1-аг бынат рамбылдта «Юность-1» (йæ тренер – **Бериаты Сослан**), 2-аг бынатмæ рацыд «Автодор» (тренер – **Давид Двалишвили**), 3-аг бынат та бацахста «Сæрмæт».

Командæтæ хорзæхджын систы кубоктæ, майдантæ, Кады гæххæттытæй.

Сæрмагонд лæвæрттæй хорзæхджын систы: «Хуыздæр дуаргæс» – **Бедойты Михал** («Юность-1»), «Хуыздæр хъахъхъæнæг» – **Къуылыхты Константин** («Юность-1»), «Хуыздæр æрдæгхъахъхъæнæг» – **Феликс Ибрагимов** («Сæрмæт»), «Хуыздæр размæбырсæг» – **Гайты Арсен** («Автодор»), «Фылдæр голтæ бакæнæг» – **Мæхъиты Давид** («Юность-2»), «Хуыздæр хъазæг» – **Лолаты Марк** («Юность-1»).

Хуыгаты Спартак куыд зæгъы, афтæмæй ма, дыууæ мыггаджы иумæйаг советы фæндмæ гæсгæ, сæ хъæбатырæй фæмард уæвæг æрвадæлты нæмттæ арынæн 30-æм майы арæзт æрцæудзæн турнир уæгъдибар хъæбысхæстæй.





**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Хæрзиуæг

# Æнтыстдзинæдтæн – аккаг аргъ

**Ахуыргонд, фыссæг, литературæиртасæг, тæлмацгæнæг ХОЗИТЫ Раздены фырт Барис райгуырд 1956 азы Æрыдоны районы Рассветы хъæуы.**

Каст фæци Ленинграды паддзахадон университеты журналистикæйы факультет, фæстæдæр та – аспирантурæ. 1994-1995 азты куыста Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты журналистикæйы кафедрæйы разамонæгæй, 1996-1998 азты – амынд ахуыргæнæндоны телекомпанийы директорæй, 1999-2010 азты – аивæдты факультеты деканæй, 2011-2019 азты – ирон филологийы факультеты деканæй, 2019-2024 азты та – республикон газет «Рæстдзинад»-ы сæйраг редакторæй. Æндæраз Хозийы-фырты равзæрстой нæ республикæйы Фысджыты цæдисы правленийы сæрдарæй.

Цæгат Ирыстон æмæ Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæг, Хуссар Ирыстоны наукæйы сгуыхт архайæг, филологон наукæты кандидат, ЦИПУ-йы доцент Хозиты Барис у 25 чиныджы (монографитæ, ахуыргæнæн чингуытæ, статьяты æмбырдгæндтæ) æмæ 378 наукон мыхуыргонд куысты автор. Уыд Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы XVII æмæ XVIII съездты минæвар. Хорзæхджын у майдан «Ирыстоны намысæн»-æй, УФ-йы Фысджыты цæдисы «А.С. Пушкины номыл сыгъзæрин майдан» æмæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты Абайты Васойы номыл майданæй. Хозийы-фырты куыстытæ тæлмацгонд æрцыдысты англисаг, авайраг, венгриаг, мæхъхъæлон, персайнаг, уырыссаг, украинаг, францаг æмæ цæцæйнаг æвзæгтæм.



Аивадон литературæ æмæ филологон наукæйы къабæзты æнтыстдзинæдты фæдыл æрæджы Барисæн саккаг кодтой УФ-йы Журналистты цæдисы «Сгуыхтдзинæдты фæдыл» кадджын нысан. Ахуыргонды уацхъуыдтæй бирæтæ мыхуыргонд æрцыдысты нæ газеты фæрстыл.

Кадджын хæрзиуæджы фæдыл Хозиты Барисæн арфæ кæнæм! Нæ зæрдæ йын зæгъы ног сфæлдыстадон æнтыстдзинæдтæ!

**Газет «Рæстдзинад»-ы редакцийы коллектив**

# Дзырдбыд





**ФÆРСЫРДÆМ: 2. Чындз куы фæтæргай вæййы, уæд кæдæм фæлидзы. 5. Хъæбæрхор цыппаррæнхъон. 9. Усы фыд, усы мыггаг. 10. Хæрынæн бæзгæ хъæддаг зайæгой. 11. Иу куыстыл хæст. 12. Æнæлæг ныййарæг. 15. Сылгоймаджы къух аивгæнæн. 17. Сæры хай. 18. Гыццыл чызг сывæллоны æвзагæй. 19. Хъæддаг бæлас. 21. Ирон æгъдау. 22. Хорз къахы хицау. 24. Æнæрынцой, иудадзыг.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Сойаг. 3. Лæг... ус фæрæты хъæдæй барст. 4. Ныййарæг. 5. 8 Мартъи — Сылгоймæгты дунеон бон расидæджы ном. 6. Аив, зæрдæмæдзæугæ сылгоймаг. 7. Хæлцад. 8. Цот. 12. Цъити. 13. Хъуын, хъис. 14. Музыкалон аивады хуыз. 15. Дзурын рæстмæ нæзонæг. 16. Дунейы кæрæттæй иу. 20. Нарты кадджыты сæйраг архайджытæй иу. 21. Саби, зæнæг. 23. Хъæддаг тугдзых цæрæгой.**

## Дзуаппытæ 25 апрелы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ: 1. Фæтæн. 4. Астæу. 6. Еугæф. 8. Рæхыс. 9. Уæлфад. 11. Ивадæг. 14. Гуылмыз. 16. Кæрвæдз. 17. Æхсæрсæттæг. 20. Дуг. 22. ...æмæ... 24. Згæ. 26. Уаг. 28. Хæлардзинад. 29. Ахæстон. 31. Гонголи. 33. Гæбына. 35. Алæмæт. 36. Минас. 38. Хлепа. 39. Ирдгæ. 40. Лæсæн.**

**БЫНЫРДÆМ: 1. Фурд. 2. Тох. 3. Неси. 5. Сæлфынæг. 7. Æмдзæвгæ. 9. Уыгард. 10. Арм. 12. Вар. 13. Гæзæмæ. 15. Зæрдæвæрæн. 16. Къæбæлдзыг. 18. Сыхуыл. 19. Тыхтон. 21. Уырг. 23. Мæра. 24. Зыланг. 25. Æхсæмбал. 26. Удгоймаг. 27. Гæлиат. 30. Тын. 32. Нил. 34. Амал. 35. Асин. 37. Нас.**

Социалон фондæй

# Ногæй æрныхас кæндзысты

**Фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй 10 процентæй фылдæр кæй æфтиаг нæу, уыцы бирæсывæллонджын бинонтæн иумæйаг пособи райсыны бар чи хъахъхъæны, 22 майæ фæстæмæ закъонæвæрынадмæ хаст ахæм ивддзинæдтæ сæ тыхы бацæудзысты.**

Ацы азы январæй фæстæмæ кæй рахастой æмæ ног нормæтæ кæуыл æххæссынц, Уæрæсейы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайад разыйы дзуапп нæ раттыны фæдыл уыцы уынаффæтыл проактивон уагæй ногæй æрныхас кæндзæн. Ныййарджытæн хаст уынаффæйы тыххæй хабар фехъусын кæндзысты портал «Госуслуги»-йы руаджы.

Закъоны фыст ис афтæ: «Пособи исыны заман бинонты æфтиаг кæд фæфылдæр, уæд радон курдиат барвитыны рæстæг ныййарджытæм уыдзæн фиддæны æмгъуыдыл ноджыдæр ма афæдз бафтауыны бар». Уыимæ, фиддæн сæвæрынæн гæрæнтæ чи æвæры, æфтиаджы рæзт хъуамæ нымад уа ахæм иунæг æфсоныл.

– Ацы аз иумæйаг пособийы æмгъуыдыл бафтауыны тыххæй курдиат чи барвыста, фæлæ æфтиаджы чысыл рæзты æфсонæй разыйы дзуапп кæмæн нæ раттой, закъонмæ хаст ивддзинад бар дары æппынкъаддæр æртæ сывæллоны хъомылгæнæг ахæм бинонтæм. Ацы азы январæй фæстæмæ кæй рахастой, разыйы дзуапп ма раттыны тыххæй уыцы уынаффæтыл æнæ курдиæттæй ногæй æрныхас кæндзысты. Пособи ацы уавæры сæвæрдзысты проактикон уагæй, ныййарджытыл



Социалон фонды регионалон хайадмæ ног курдиæттæ æрвитыны хæс æвæрд нæ уыдзæн, – зæгъы амынд хайады разамонæг **Милдзыхты Аслан.**

Ныййарджытæн фиддæны бæрц уыдзæн регионы фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй 50 проценты. Ацы аз Цæгат Ирыстоны сывæллонæн фæцæрынæн тæккæ къаддæр хæрдзты бæрц 16534 сомы кæй у, уый нымайгæйæ, бирæсывæллонджын бинонты иу сывæллонæн пособийы бæрц уыдзæн 8267 сомы.

**Фиппаинаг:** æфтиаджы бæрцыл 10 процентæй фылдæр кæд нæ бафтыд, уæд ныййарджытæм ис иумæйаг пособи райсыны æмгъуыдыл æрмæст иу хатт бафтауыны бар.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: иумæйаг пособи нымад у чысыл æфтиагимæ бинонтæн æххуысы мадзалыл. Номхыгъдмæ райдайæны кæй бахастой, амынд æрвылмæйон фиддон фидынц ахæм æнхъæлцау сылгоймæгтæн, стæй 17 азæй кæстæр сывæллæттæн. Иумæйаг пособи æвæрыны размæ æркæсынц бинонты æфтиагмæ, стæй, цас æххуысхъуаг æййафынц, уымæ.

Фарстытæ кæд баззад, уæд уæм ис Уæрæсейы Социалон фонды иумæйаг контакт-центрмæ **8-800-100-00-01** телефонæй лæвар бадзурыны бар (Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады линийы куысты фæтк: къуырисæрæй цыппæрæммæ – 9.00 сахатæй 18.00 сахаты онг, майрæмбоны та – 9.00 сахатæй 16 сахаты æмæ 45 минуты онг).

**УФ-йы Социалон фонды цæгатирыстойнаг хайады пресс-службæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ





**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2753. Заказ № 502. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**